ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№31 (23.189) • 2016 гъэм мазаем (февралым) и 20, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ХэкIыпIэхэр къегъэлъагъуэ

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий КЪБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъаазэм теухуа зэIущIэ дыгъуасэ екIуэкIащ. Абы хэтащ щIыналъэ унафэщIхэр, депутатхэр, Iуэхущапlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр.

ПСОМ ЯПЭУ КЪБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ республикэр, къэпщтэмэ, къэрал псор ди зэманым гъэунэхуныгъэщIэхэм зэрыIууар икIи къэрал унафэщIхэм абы хэкIыпIэу къыхуагъэуцыфым цIыхухэм я псэукIэр зэрелъытар. КIуэкIуэм къызэхуэсахэм ягу кIигъэкIыжащ Урысейм и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым зыщыхуигъаазэм къыхигъэщар: «Къэлэнхэм дыпэлъэщыфынущ къару зэгъэуIуакIэ. Си фIэщ мэхъу, дызэкъуэувэу гугъуехьыр къызыхэкIыр нэсу къыдгурыIуэмэ, сытри къызэрызэдэкIыфынур. Абы ди тхыдэр и щыхьэтщ».

КIуэкIуэ Юрий къытеувыIащ 2015 гъэм республикэм щызэфIэкIа лэжьыгъэм. Псом хуэмыдэу Iэтащхьэр арэзы текъуащ социальнэ Iэнатlэм игъуэта зыужьыныгъэм. Абы къыхигъащащ узынщагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьыным теухуа программэхэр гъэзэщIа зэрыхъур.

- Сабий гъэсапIэхэр зэпэуфыдауэ щымытын папщIэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI республикэм, бынунагъэушхуэхэмрэ зыльэмыкIхэмрэ гулъытэ яхудощI, спортым зэрызедгъэужьыным, нэгъэущI Iуэхугъуэ куэдми мы зэманым жыджэру долажь. ФIыщIэ зэрыщIыну сыхуейт зи лэжьыгъэр IэхъуэтегъэкI къыхэмыкIыу езыхьэкIхэм, къэрал унафэщIхэм, псом хуэмыдэу УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КIИФЩI-м щыIэ Меликов Сергей сыт щыгъуи дэIэпыкъуэгъу къызэрытхуэхъум папщIэ, - жиIащ къэпсэлъам.

КIуэкIуэ Юрий щхьэхуэу къытеувыIащ хамэ къэрал къращхэр щIыналъэм къыщыщагъэкIэжмкIэ зыхуэIэкIыным теухуауэ республикэм хуэзфIэкIыным. Щапхъэу КЪБР-м и Iэтащхьэм къихьащ щIыналъэм езым хущхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, налмэс Iэмэпсымэхэр, ток кIапсэхэр, щIэупщIэ зиIэ нэгъэущI хъэпшыпхэри къыщIэзыгъэкI Iуэхущапlэхэр зэриIар. КIуэкIуэ Юрий къыхэзгъэкIыжащ Урысейм и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым зыщыхуигъаазэм къыхигъэщар: «Къэлэнхэм дыпэлъэщыфынущ къару зэгъэуIуакIэ. Си фIэщ мэхъу, дызэкъуэувэу гугъуехьыр къызыхэкIыр нэсу къыдгурыIуэмэ, сытри къызэрызэдэкIыфынур. Абы ди тхыдэр и щыхьэтщ».

КIуэкIуэ Юрий къытеувыIащ 2015 гъэм республикэм щызэфIэкIа лэжьыгъэм. Псом хуэмыдэу Iэтащхьэр арэзы текъуащ социальнэ Iэнатlэм игъуэта зыужьыныгъэм. Абы къыхигъащащ узынщагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьыным теухуа программэхэр гъэзэщIа зэрыхъур.

- Сабий гъэсапIэхэр зэпэуфыдауэ щымытын папщIэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI республикэм, бынунагъэушхуэхэмрэ зыльэмыкIхэмрэ гулъытэ яхудощI, спортым зэрызедгъэужьыным, нэгъэущI Iуэхугъуэ куэдми мы зэманым жыджэру долажь. ФIыщIэ зэрыщIыну сыхуейт зи лэжьыгъэр IэхъуэтегъэкI къыхэмыкIыу езыхьэкIхэм, къэрал унафэщIхэм, псом хуэмыдэу УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КIИФЩI-м щыIэ Меликов Сергей сыт щыгъуи дэIэпыкъуэгъу къызэрытхуэхъум папщIэ, - жиIащ къэпсэлъам.

КIуэкIуэ Юрий щхьэхуэу къытеувыIащ хамэ къэрал къращхэр щIыналъэм къыщыщагъэкIэжмкIэ зыхуэIэкIыным теухуауэ республикэм хуэзфIэкIыным. Щапхъэу КЪБР-м и Iэтащхьэм къихьащ щIыналъэм езым хущхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, налмэс Iэмэпсымэхэр, ток кIапсэхэр, щIэупщIэ зиIэ нэгъэущI хъэпшыпхэри къыщIэзыгъэкI Iуэхущапlэхэр зэри

Мазаем и 23-р Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ

И унэцIэр тетщ

Дуней псор зыгъэпIейтея, бэлыхь хэзыдзауэ щыта нэмыцэ фашист зэрэпхъуакIуэкIэр и гъэзэм изыужIыхьыжу ТекIуэныгъэ Иныр кьытхуэзыхьа совет заулIхэм зэрахьа лIыгъэмрэ къагъэлъэгъуа хахуагъэмрэ къэралым и тхьдэ кьулейм дыщэпсКIэ хатхащ. Ди Хэкум и щхьэхуитыныгъэм щхьэмыгъазэу щIэзэуахэм, абы папщIэ зи псэр зытахэм ящышщ Сэрахъэ Хьэжбий ТIэIиб и къуэр. Фронтым щыкIуам абы и ныбжьыр илъэс пщыкIуб ирикъуа къудейт. 1942 гъэм и фокIадэ мазэм Iэщэ къэзыщта адыгэ щIалэр зауэ гуущIэгъунишэм и мафIэ лыгъэм куэдрэ щIэныпщIащ, ажалым и нэгум Iэджэрэ иллъащ.

ДЗЭ ПЛЪЫжЬым и командирхэр щагъэхьезыщ курс кIэщIкэр кьиуха нэужь, кьыIэщIалъхьа взводым щыщхэм щапхъэ яхуэхъуу бий ерум ерыщу пэщIэтащ. Кавказ Ищхьэрэ, Ещанэ Белорус фронтхэм хэту, абы и гупым лыгъэшхуэ зэрихьэу, Коммунист, гвардиеуи и лейтенант Сэрахъэ Хьэжбий командир нэхъыжьхэми, зауэлIхэми фIыуэ кьалъагъурт, пщIэшхуэ кьыхуащIырт. Ныбжьэгъугъэр зэрагъэпэжым зауэм и хьэлъэр ящиГъэнсынщIэрт, кьару кьахилъхьэрт, текIуэныгъэм нэхъри хуиГъэпабгъэрт, апхуэдэу зэрыпхъуакIуэхэм щыхьэрабгъу лъэпкъ зэрыхуэмыIэм и псэкэр гъунэгъу зэхуэщIырт. ЛIыгъэм и щапхъэ кьагъэлъагъуэу хэкIуадахэм яль щIэжыныр кьалэн наIуэу кьалъытэрти, я губжьыр лейзехьэхэм тракъутэрт, я фIэщхьынигъэр IэщэкIэ щIагъэбыдэу.

Сэрахъэм и взводыр зыхэт 32-нэ гвардие Таман фочауэ дивизием 1942 гъэ лъандэрэ фашистхэм удыпсыпхъуэ ирадзырт. Iуэ зэхуэу гущIи кьанэрэзыкIэм биИм хэщIыныгъэ ирамыту - зэрыпхъуакIуэхэр зэтраукIэрт, я техникэр зэхакъутэрт, лъэшуебгъэрыкIуэрти, гъэр кьащIырт. Ирахужьэжауэ Хэкум щрахужьми, кьаруушхуэ зэхуахьэсырти, кьапэщIэуэврт. 1945 гъэм шыщхьэулым и 18-м кьыщыщIэдзауэ и 25 пщIондэ нэмыцхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ щащI дивизэм и закъуэ зэтрИIыгъащ, биИм и сэлэтрэ ощицру 1180-м щIигъу яуклащ, танкрэ топу 55-рэ, бронетранспортрёу 3, автомашинэу 17 якъутащ. Курп Ищхьэрэ кьуажэм щыщ щIалэм командир Iэзэу зыбкIигъэльэгъуати, нэхъ кьалэн гугъуэгр пщэрылъ кьащащIырт. Апхуэдэ дзыхь зэрагъэзэр и кьэухрэ и акъыпкIэ зауэм и Iэнатlэ щхьэхуэхэм текIуэныгъэ пыухьэхьэ щIэныгъэ щыIэхьэхэр. Сэрахъэм зауэлIэкIэр тригъэгушхуэ кьудей мыхъуу, ахэр зэрихьумэным яужь итт, абыкIэ щыIэ Iэмал гъэунэхуахэр ягу кьигъэкIыж зэпытт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ щIыхупсэ куэд жьалым кьыIэщIихащ. Зэрихьа лIыгъэмрэ езым и щхьэкIэ кьигъэлъэгъуэ Iэзагъэмрэ папщIэ, 1944 гъэм и щыщхьэулIу маззм Багъуэ Плъыжь орден кьыхуагъэфащагъ, ар и бгъэм хэлъу КъуэкIыпIэ Пруссием нэсауэ, а щIыпIэм фашистхэр щыхигъащIэрт.

И унагъуэмрэ и Iыхьлыхэмрэ игу кьэкI зэпытт. И тхыгъэ кIэщIхэм щыжиIэрт зауэр и кIэм зэрынэблагъэр, 1942 гъэм и фокIадэм хэкIуда и адэм и лъэр зэрищIэжар, текIуэныгъэр кьахьу мыгувэу игъэзэжыну зэрыщыгугъыр. Ауэ Курп Ищхьэрэм щыщ офицер щIалэм ар кьыхуухатэкъым – 1945 гъэм щIышылэм и 17-м игъэта уIэгъэ хьэлъэм кьелакъым, кьыкIэлъыкIуэ махуэм ихьащ.

Къэрал дамыгъэ абы зэрыхуэфащэмкIэ дивизэм и командир, гвардием и подполковник Толстухиным щышылэм и 29-м Iэ зыщидза тхылъым щыжиIэрт:

- Къуэрыдзэ Пруссием и Вальтеркемен кьалэм и Iэшэлъашэм биИм щиууэ быдапIэр кьыщытщтэм, ныбжьэгъу Сэрахъэм и взводыр я щытIым теуэри, фашистхэр дигъэкъэбзыкIащ. ЗыкъащIэжу, плIэнейрэ кьебгъэрыкIуами, кьикIуэтакъым, и псэр пытыхь хахуэу биИ езэуащ. Зэрихьа лIыгъэм папщIэ, Хэку зауэшхуэ орденым и япэ нэгум тхьищэр хуэфащащ...

ЩыжиIэуда щIыпIэр ящIэми, и кхъащIхэр къаухуэмыгъэтурэ илъэс куэд дэжьи. И Iыхьлыхэр и лъэужьым щытехьар нэгьабэщ. Калининград областым хьэлэ Гусевскэ районым щыщ Ольховаткэ поселкэм ремонт лэжьыгъэхэр щыщграгъэкIуэкIым къагъуэта кьуэшыкхъэм щIалъхьауэ кьыщIэкIащ. Абдеж щагъэува фэеплъым Джьлахьстэней щыщ зауэлI хахуэ, гвардиеи и лейтенант Сэрахъэ Хьэжбий ТIэIиб и кьэм и уняцIэрэ тетщ.

ХЬЭЖЬIКЪАРЭ Алик.

Зэман хьэлъэм халъхуат

Тхьдэм укIуэцIрыплъмэ, цIыхум и дежкIэ зэман тынш щыIауэ къыщIэкIынкъым. Пасэ зэманыжьри, абы къыкIэлъыкIуэ лIэщIыгъуэхэри, иджы дыззэрыт лъэхъэнэхэри, къапщтэмэ, зауэ-банэ щымыIэу, цIыхур мамыру, зыхуэи яГъуэту зы илъэсищ дэнэ хъэна, абы и ныкъуи екIуэкIакъым. А псори къыщыожь къэралыгъуэ, къэралтет щыкIахэм, политик щхьэхуещхэхэм, зэхуэмыдыкъэ псэукIэ зыгъэувыну щIэкъуэхэм я деж.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, абыхэм ящыщ зыщ етIощIанэ лIэщIыгъуэм екIуэкIа зауэшхуэкэр (урыс-япон, япэ империалист, етIуанэ дунейпсо зауэкэр). Псом хэмыдзэжу цIыхубэм тхьэмыщкIагъэшхуэ кьахуихьащ нэмыцэ фашизмэм зэхиуфла етIуанэ дунейпсо зауэм, абы ихьащ щIыгум щыпсэу къэралхэм щыщу цIыху мелуан куэдым я гъащIэр. А нэщхьеягъуэм и нэпсыр иджыри ужьыхьакъым, сабий мелуанхэр зеиншэу кьэнахэщ. Аращ хэкум и щIыхьым папщIэ зи псэр а зауэшхуэм щызытахэр, псэууэ къэзыгъэзэжахэр зэи тщыгъупщэ щIэмыхьу нур, я фэеплъым щхьэщэ хуэтщIын щIыхуейр. Сыт хуэдиз зэман дэкIами, абыхэм я цIэр кьэдгъэутэныным, кьаKIуа зауэ гъуэгур зэрыт- зэхэфIкIкIэ тхьжьыным я мыхьэнэр икъукIэ инц. Ар къытщIэхъуэ щIэблэм деж- кIэ фэеплъ мыкIуэдыжынщ, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ мылъкушхуэщ.

Сэ мы тхыгъэм сыщытепсэлъэхьну си гуапэщ Бахъсэн районым хиубыдэ Зеикъуэ къуажэм щыщ Шыд Нухь Лъостэнбэч и къуэм кьикIуа зауэ гъуэгум.

Шыд Нухь 1915 гъэм кьалъхуащ. Жэпэгъуэр революцым и ужькIэ кьуажэм кьащIэзэуахэм пащIэщIэ школым щIэтIысхьащ. Лъостэнбэчэр абы и щхьэгъуэ Кьансидыгъэрэ кьуищра пхъуищрэ зэщапIат. МэкъумэшыщIэ унагъуэм щыIэу яГъуэту, бынхэм гъэсэныгъэфI, щIэныгъэ тэмэм яIэу я къэхъуащ.

А зэманым псэукIэщIэм дэрэжэгъуэ кьаритауэ щIэныгъэм дихьэх щIалэгъуалэм ящыщт Шыд Лъостэнбэч и бынхэри. 1935 гъэм Нухь ягъэкIуэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Псыхуабэ дэт училищэм. Ар ехъулIэныгъэкIэ кьиухыу къэкIуэжа нэужь, Зеикъуэ пэщIэдзэ еджапIэм егъэджакIуэу щылэжьащ. 1938 гъэм дзэм ирадзырри куэлыкъу щищIащ. А зэманым Фин зауэр хъэхьеяти, ар иухыуэ хэтащ. И дзэ къулыкъур зэрфIэкIыкIэ кьыщыкIуэжам, ДыгулыбгъуэI кьуажэм и пэщIэдзэ еджапIэм и унафэщIу яГъуэври, илъэситIым нэблагъэкIэ абы щылэжьауэ Хэку зауэшхуэм и мафIэр кьэлыдащ. Бадзэуэгъуэ мазэм и пэщIэдзэм Зеикъуэ щыщу зауэм даша щIалэ гупым яхэтащ. Шыд Нухьи. Абы къигъэнэн хуей хъуащ фIыуэ илъагъу егъэджакIуэ Iэщ1агъэр, кьыдалъхуахэр, и Iыхьлыхэр. Куэд дэмыкIыу дзэм дашащ адрей и кьуэшхэри.

Здашэну щIыпIэм нэса нэужь, Нухь щIэныгъэ зэриIэр кьалъытэри, щIалэ гупи гъусэу щIагъэтIысхьащ политунафэщIхэр щагъэхьэзыр, Дон Iуфэ Iут Ростов кьалэм дэт дзэ еджапIэм. Ар мазитIым кьиубыдэу кьаратхьэри, лъэсыдзэ полкым хэту зауэм Iуащащ. Тулэ деж щекIуэкIа зэхуэу гущIэхэм я курыкупсэм хэтащ. Езым кьиуэтэжащ мыпхуэдэ хьыбар:

- Нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэр кьышцебгъэрыкIуэ лъэхъэнэ хьэлъэм Тулэ деж щыхэкIуэдащ ди зауэлI мин бжыгъэ. Биим кьиуэтэреихьа ди дзэ гупхэр хущIэкъурт абы кьикIыну. Зэхэуэнэм куэд хэкIуадэрт. Политрук Шыд Нухь зыхэт лъэсыдзэ ротэм щыщу кьэнэжа зауэлI хыщIым нэсыр щэхуу бгъэдыхьащ Зайцевэ бгым и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ къуэкIыпIэм хуэзэу мэз лъапэм щежэх псы щыкIуэм, икIи мурад ящIащ абы зэпрыкIыу къэухъурейныгъэм кьикIыну. Ауэ къащIэн хуейт а лъэныкъуэмкIэ нэмыщэхэр къекIуэлIамэ. Ар и пщэ иралъхьащ Шыд Нухь, икIи зауэлIитчу и гъусэу ирагъэжьащ. Псы тынэм Iуту ехыурэ, щIыпIэр сакъыу къащIыщащ. Абдежым къэхутащ мотоциклхэм тесу нэмыщэ гуп. Нухь унафэ ищIри, тIасхъэщIэхэр заищIэу абыхэм ятеуащ. Нухь хэхьэ гранатэмэра автоматышэхэмрэ нэмыщэхэр лъэрыщIыкI ящIащ, селэтитIи гъэр кьащIащ. Апхуэдэу гупым хэувыбар кьрагъащIри хэщIыныгъэшхуэ ямыIэу, фочауэ ротэм щыщу кьэнэжа псори хьэкъуреихьыныгъэм кьикIри, ди дзэхэм кьахьыхэжащ. Нухь абдежым кьыщигъэлъэгъуа лIыгъэм щхьэкIэ кьыхуагъэфэщагъэ щытащ «Хахуагъэм папщIэ» дамыгъэр.

КьыкIэлъыкIуэ махуэхэм нэхъри зэщIэплъащ зауэм и мафIэр. А зэманым нэмыцэдзэ командованэм кьаруушхуэ кьрихьэлIауэ щытащ Тулэ деж щыIэ фронтым. Ар Iупщ1у кьыщыхьэри, Совет Союзым и Маршал Василевскэм итхьжа и гъэкъэлыжхэми. Мис а зэушхуэм Нухь уIэгъэ щыхъури сымаджэщым щIэхуащ. Бий автоматышэр и дзажэнальэ зэрагъэкIуэ. Докутырхэм кьыззэральытамкIэ, уIэгъэр хьэлъэ дыдэу кьыщIэкIакъым. МазитIым кьэриубыдэу ягъэхъужри, иужькIэ Саратов дэт дзэ училищэм ягъэкIуащ. Абы мазэм щIигъукIэ щыIэри, капитан цIэр кьэфIащауэ зауэ Iэнатlэм игъэзэжащ. Связь Iэхухэм хуеджауэ хищIыкI хъуати, ЕтIуанэ Белорус фронтым щIыхьэжам ар яГъэуващ пэхьэдЗэ батальоным связькIэ и унафэщIу, икIи а къалэныр щIыхь пылъу игъэзэщIащ зауэр и кIэм нэсыху. Абы и нэгу щIэкIащ ди дзэр кьыщикIуэта зэман хьэлъэр, щебгъэрыкIуа, текIуэныгъэр кьыщIахьа иужь илъэсхэри. Дзэ Плъыжьым Сталинград деж фашистхэр дзэхэр щызэхикъута нэужь, зэпымыIууэ ар япэкIэ кIуэташ. ТекIуэныгъэ Иныр кьахьын папщIэ якIуа зауэ гъэзэгъанэ хьэлъэ псори Нухь зыхэта фочауэ ротэми зэпичащ. Ар ящыщт зауэлI нэхъ лъэрызехьэхэм, тIасхъэщIэх ягъэкIуэну дзыхь зрагъэзэхэм. ЗауэлIхэм я ныбжьэгъуфIу, лIыгъэ хэлъу, цIыху пэжу зэрыщытым кьыихэкIыу, командирхэми, и гъусэ зауэлIхэми пщIэрэ щIыхьрэ кьыхуащIырт икIи щапхъэу ягъэлъагъэрт. Абы мызэмытIэу зэхэуэ куэдым наIуэ щищIат и зэфIэкIыр, хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр.

Кёнигсберг кьыщащта махуэм Нухь уIэгъэ хьэлъэ хъуащ икIи 1945 гъэм и мэкъуэгурэгъуэ маззм ар унэм къэжIэжащ. Ныкъуэдыкъэр хъуа щхьэкIэ, тIысыжу щIасакъым, Iэнатlэ зэмылIэужыгъуэхэм щылрэжьащ, и щIэныгъэм хигъэхъащ. Дзэм кьыззэрикIыжу ар ягъэуващ Зеикъуэ курыт школым щыIуэ IуэхухэмкIэ и егъэджакIуэу, иужькIэ партым и Iуащхьэмахуэ райкомым Iэнатlэ щиIыгъащ, Зеикъуэ щызэхэта колхозым и парт зэгучъэныгъэм щылэжьащ 1951 гъэм кьыщыщIэдзауэ.

Iэжьыгъэ Iэнатlэр ирихьэкIыуэ абы 1954 гъэм къиухащ парт, совет лэжьакIуэхэр щрагъаджэу партым и обкомым Налшык къыщызэIуихауэ щыта курс кIэщIэр.

Нухь сытым дежи цIыху гуапэт, нэщхьыбIэт, щыпкъэт, нэмыссышхуэ зыхэлът. Ар хэIэтыкIауэ псалъэу зэи зэхэпхынтэкъым, пэжым и телъхьэу, нэхъыжьыми нэхъыщIэми ихуэфащэщ пщIэ яхуищIу, ежьми кьыхуащIу и гъащIэр ихьащ. Абы и унагъуэм щахъумэ фашистыдзэр зэхэкъутэным хилъхьа кьарум, кьигъэлъэгъуа лIыгъэм, зэфIэкIым кьапэкIуэу кьрата дамыгъэхэр, щытхъу, фIыщIэ тхьилъхэр. Абыхэм яхэлъщ «Вагъуэ Плъыжь», Хэку зауэ ордену и я пэ нагъыщэ дамыгъэхэр, «Хахуагъэм папщIэ», «Зауэ зэфIэкIхэм папщIэ», «Германиеми зэрыпекIуамкIэ» медалхэр, езыр щIэзэуа дзэ часть 8267 «К» жьхуиIэм кьикIыу кьыхуагъэхьауэ щыта хъуэхъу тхьгъэр.

Щыд Нухь зэман хьэлъэм хилъхьат, и фэми куэд дэжIащ, и псэми куэд игъэ ващ, зауэ IэнатlэзэмкIэ, лажьэгъэми хуэзэфIэкI кьыщигъэнакъым. Апхуэдизу гугъу зыщIригъэхьар щIыхум, кьыштщIэхъуэ щIэблэм я насыпырщ.

ДЫКЪЫНЭ Хьэмид.

Лыхъужьыгъэр зыщамыгъэгъупщэну къыхураджэ

Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм щекIуэкIащ «Споёмте, друзья» фестиваль-зэпеуэр. Ар къыззэригъэпэщащ щIыналъэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэм.

Зэпеуэм хэтащ районым и егъэджэныгъэ Iуэхущапи1эхэм щыщ гуп 15. Зэхьыхьэ кьыззэзыгъэпэщащэм зэрыжаIамкIэ, мыпхуэдэ зэIущIэкэр щIэблэм я Хэкур фIыуэ илъагъуу, жэуаплныигъэ яхэлъ къэгъэхъынымкIэ, тхьдэр ящIэнымкIэ, зауэ зэманым теуха уэрэдэкэр къэгъэщIэрэщIэжьынымкIэ.

Фестивалым и программмэм хыхьэу сэлэт фащэкэр зыщыгъ гупхэм жаIащ Хэкум, зауэм ятеуха уэрэдхэр, усэхэм кьеджащ, теплъэгъуэ кIэщIхэр ягъэлъэгъащ.

КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм зэпеуэм зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм я зэфIэкIхэмрэ утыку итыкIэмрэ лъэныкъуэ куэдкIэ кьалъытащ. ЕджакIуэхэм кьагъэнэIуащ актёр Iэзагъэ зэрабгъэдэлъыр, уэрэд жьIэным зэрфIэкI зэрыщIаIэр. Зэпеуэм хэтхэм зауэм теуха фильмхэм щыщ теплъэгъуэхэр ягъэлъэгъащ. НыбжьыщIэхэм я дэтхэнэ зы кьихьэгъуэри купщIэ иIэу, гум хыхьэу, зауэр уи нэгу кьыщIагъэхьэу кьайахьэлIащ. ЕджакIуэхэмзыкъыщIагъэлъагъуэм я ныбжьэгъуэхэр зыщамыгъэгъупщэну, щIэблэм мамыр гъащIэ хуэзыухуахэм хуэфащэу псэуну.

НыбжьыщIэхэр кьеджащ Окуджавэ Булат и «До свидания, мальчики», Рождественский Роберт и «Жди меня, и я вернусь», «Реквием», Добронравов Николай и «Не забывайте грозные года» усэхэм, жаIащ «Три танкиста», «А закаты алые...», «Прадедушка», «Мы за ценой не постоим», нэгъуэщI уэрэдхэри.

КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм нэхъыбэрэ кьалъытащ Шэджэм Езанэ къалэм и курыт еджапIэ №1-м, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм и курыт еджапIэ №2-мрэ №3-мрэ, Нартан къуажэм и школ-интернат №5-м, ЩхьэлыкIуэ къуажэм и курыт еджапIэ №2-м щыщ еджакIуэхэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр. ЩIыналъэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэм и щIыхь тхьилъхэр кьыхэжаныкIахэми ираташ.

КIАРЭ Элинэ,
Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

ЩIэблэм зрагъэплъыхь

Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм республикэм и гимназие-интернат №1 и гъэсэнхэм зыщрагъэплъыхьащ КъБР-м щIэ МВД-м и Тхьдэм и музеим.

КъБР-м и Хабзэхьумэ Iэнатlэхэмрэ къэрал кIуэцIдзэхэмрэ я ветеранхэм я советым хэт Черновэ Алёнэ ныбжьыщIэ цIыкIухэм яхутепсэлъыхьащ музейр кьызэрызэрагъэпэщам, абы щIэлъ хьэпшыпхэр зыхуэдэм.

НыбжьыщIэхэм ГъэщIагъуэн ящыхъуащ хабзэхьумэ Iэнатlэм и Iэнатlэ кIуэхэм зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьыщащхьа дипломхэр, кубокхэмрэ медалхэмрэ.

- ЩIэблэм Хэкур фIыуэ ялъагъуу, абы хуэпэжу гъэсэныгъ, я къалэныр кьагурыгъэIуэныгъ мы Iуэхур зытеГъэщIэжар,-жаIащ Iуэхуг1уэр кьыззэзыгъэпэщахэм.

ДЫГУЛЫБГъУ Жантинэ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 20, *щэбэт*

♦**ЦIыхухэр зэхуэгъэдэным и дунейпсо махуэщ**

♦1940 гъэм Налшык Iэфыкlэ фабрикэ кьыщыззIуахащ.

♦Адыгей драматург, усакIуэ **Кубэ Бийлъостэн** кьыззэральхъуэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Адыгей тхакIуэ **Теувэж Хьэбиб** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Гъащтэ Абдул** кьыззэральхъуэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м и гъуэгджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **ХьэIупэ Джэбэ**рэ и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Генерал-лейтенант, УФ-м и Къэзыбж палатэм и къэпщытакIуэ, Москва и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Дзыбэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Адыгейм, КъБР-м щIыхь зиIэ я артистэ **Бжэлъмыхь Барисэт (Бэллэ)** кьыщальхуа махуэщ.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и кьудамэм и унафэщI, КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхьилъэ зыхуаГъэфэща **Истэпан Залинэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэс кьыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 4 - 2, жэщым градуси 5 - 3 щыхъунущ.

Мазаем и 21, *тхьэмахуэ*

♦**Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Экскурсиер езыгъэкIуэкIым и дунейпсо махуэщ**

♦**Исландием щагъэлъапIэ цIыхубзым и махуэр**

♦**1784 гъэм** Крымым щыIэ кхъухь тедзапIэмрэ быдапIэмрэ Севастополь цIэр фIащащ.

♦**1819 гъэм** Санкт-Петербург къэрал университетыр къызэIуахащ.

♦**1920 гъэм** Урысейр электрификацэ щIынымкIэ и къэрал комиссэр (ГОЭЛРО) кьызэрагъэпэщащ.

♦Чехием щыщ тхакIуэ, усакIуэ, адыгэхэм я псэукIэм мызэ-мыгIэу тетхьыха **Чех Сватоплук** къызэральхъуэ илъэси 170-рэ ирокъу.

♦БэзщIэныгъэлI, филолог, Кавказым и тхьдэр зыджа, абхъазыбзэмрэ адыгэбзэмрэ я ятеуха кьэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкIа **Марр Николай** кьызэральхъуэ илъэси 152-рэ ирокъу.

♦РСФСР-м и цIыхубз сурэтыщI **Кончаловский Пётр** кьызэральхъуэ илъэси 140-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакIуэ **Лохвицкий Михаил (Аджыкъу-Джэрий)** кьызэральхъуэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Актрисэ цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубз артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Алентовэ Верэ** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦КъэфакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Нэгъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦УэрэджьыIакIуэ цIэрыIуэ, Урысейм и цIыхубэ артист, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Расторгуев Николай** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 3 - 1, жэщым градуси 4 - 2 щыхъунущ, уэси кьыщесынущ.

Мазаем и 22, *блыщхьэ*

♦**ЩIэпхъаджагъэ зыкIэлъыззрахьа цIыхухэм защIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1921 гъэм** СССР-м и Къэрал планыр къызэрагъэпэщащ.

♦Польшэм щыщ композитор, пианист цIэрыIуэ **Шопен Фредерик** къызэральхъуэ илъэс 204-рэ ирокъу.

♦Дзэ къулыкъущIэ, США-м и ягъэ президенту щыта **Вашингтон Джордж** къызэральхъуэ илъэс 284-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щауэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и энергетик, КъБР и къэрал, жьалгъуэ лэжьакIуэ **Кебеков Владимир** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦КъБР-м и Парламентым и депутату щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щоджэн Мартин** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и сенатор, КъБР-м и Президенту щыта, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДААА-м и академик **Къанокъуэ Арсен** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIу лэжьа **Хьэсанэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм, Ингушым я цIыхубэ артисткэ **Сокъур Ольгэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦КъБКъМУ-м и ректор, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, доцент **Апажэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 3, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

Мазаем и 23, *гъубж*

♦**Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ**

♦**1942 гъэм** Къардэн Къубатий Ленин орденыр япэу ящратащ.

♦Къэрал лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщу, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару щыта **ШэджэхьэщIэ Мухьэмэд** къызэральхъуэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КъБР-м и Гимным и макъамэр зытха **Къардэн Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 93-рэ ирокъу.

♦УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Пащты Султlан** къызэральхъуэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Акъсырэ МуIаед** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъубжокъуэ Лиуан** къызэральхъуэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр цIэрыIуэу щыта, СССР-м и цIыхубэ артист **Янковский Олег** къызэральхъуэ илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Украинэм и ещанэ президент **Ющенкэ Виктор** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 7, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Мазаем и 24, *бэрэжьей*

♦**Эстонием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**Мексикэм и къэрал ныпым и махуэщ**

♦**1466 гъэм** дунейм щыIэпэ Бельгием лотерее щагъэджэгуащ.

♦Флотым и адмирал, тенджыз ФIыщIэ флотыр къызэзыгъэпэщахэм ящыщ **Ушаков Фёдор** къызэральхъуэ илъэс 271-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, драматург цIэрыIуэ **Иванов Всеволод** къызэральхъуэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦ШэрджэзтхакIуэ **Уэхутэ Абдулыхь** къызэральхъуэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Драматург, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **ЩхьэгъэпсэМухьэмэд** къызэральхъуэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦УэрэджьыIакIуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Кристалинская Майе** къызэральхъуэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ **Соловей Еленэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Алшагъыр Борис** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, хьэрычэтыщIэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор **Ерчэн Тембулэт** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 10, жэщым градуси 2 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Пхуэмыфащэ щауэгъу умыщI.

ПсэупIэр зейхэм я еджапIэ

• ЖКХ

Фэтэр куэд хъу унэхэр къызыхуэтыншэу зэрызэрагъэпэщыжыным теуха мыгъэрей илъэс семинарыр Тырныауз къалэм щрагъэкIуэкIащ. Ар къызэIуихащ «ЖКХ-м и Iэнатlэм жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и щIыналъэ центр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ организацэм и правленэм и унафэщI Мэзло Руслан.

АБы къызэхуэсахэм яхуиIуэтащ КъБР-м и Правительствэр я щIэгъэкъуэну, республикэм и Жылагъуэ палатэм деж щыIэ «ЖКХ-м и Iэнатlэм жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и щIыналъэ центр» организацэм, «Урысей зэкъуэт» партым, «Къэбэрдей-Балъкъэрым фэтэр куэд хъу и унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэзэщIыжынымкIэ щIыналъэ оператор» фондым «ПсэупIэр зейхэм я еджапIэ» проектыр зэгъэусу зэрагъэзащIэр. Мэзло Руслан къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ къэрал псэупIэ политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм, ЖКХ-м и Iэнатlэхэм я зекъэкIэм цIыхухэр къэгъэгъуэзэным, псэупIэр зейхэм я гудзакъэм, яхь жэуаплныигъэм хэгъэхъуэным проектыр зэрытещIыхьар.

«КъБР-м фэтэр куэд хъу и унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэзэщIыжынымкIэ щIыналъэ оператор» мыкоммерцэ фондым и унафэщI Щоджэн Артур я Iэхум нэхъыщхьэу хэлъхэр семинарым щызэпкъриихащ.

ЕджапIэм и япэ зэхьыхьэм хэтащ Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Уянаев Казым, «КъБР-м фэтэр куэд хъу и унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэзэщIыжынымкIэ щIыналъэ оператор» мыкоммерцэ фондым, ЖКХ-м и Iэнатlэм жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и щIыналъэ центрым я лыкIуэхэр, Тырныауз къалэм и щIыпIэ администрацэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм щыщэр, ТСЖ-хэм, УК-хэм, ЖСК-хэм, жылагъуэ организацэхэмрэ политикэ партхэмрэ я унафэщIхэр.

Уянаев Казым ЕджапIэм и къызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхуищащ икIи ЖКХ-м и Iэнатlэхэм и зехьэкIэм цIыхухэр нэхъыфIу хэгъэзэщIэн я щIыналъэм щIэх-цIэхьуэрэ щегъэкIуэкIыпхъуэ кьиныытащ.

ЖКХ-м и Iэнатlэм жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и щIыналъэ центрым семинар еджэныгъэхэр республикэм и

Лъэпкъым и гъащIэр зэлъытар

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, дунейм и къэхъугъэ нэхъыщхьэ дыдэщ бзэр. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, илъэс мини 100 ипэкIэ къэхъуу, зауэжьу хуежьащ ялъ бзэхэм. ЦIыхуэхэр гуп-гупурэ гуэша хъуащ икIи дэтхэнэми я анэдэлъхубзэ зэрыгъэнэхуащ зэрызэгурыIуэн IэмэпсымэкIэ лъэщу. Иджыпсту щыIэу хуагъэфащэ бзэхэм я бжыгъэр мини 3 - 6 мэхъу. Дунейм псом къыщащтауэ щызэрахьэ бзэ нэхъ лъэрызехьэхэм я бжыгъэр 90-м щIигъуу хуагъэфащэ. Абыхэм яхэтщ цIыху куэд къызэщIэзыубыдэ лъэпкъышхуэхэр зэрыпсалъэхэри нэхъ лъэпкъ цIыкIухэм къагъэсэбэпхэри. Бзэхэр апхуэдэуи гуп-гупурэ гуэшащ. Абыхэм къызэщIаубыдэ зи къэпсэлъыкIэкIи я мыкъэнэкIи зэпэгъунэгъу псалъэ куэд къэзыгъэсэбэп лъэпкъхэр. Къапщтэмэ, адыгэбзэр хохьэ Кавказ бзэ гупышхуэкIэ зэджэм и адыгэ-абхъаз къудамэм.

ДЭТХЭНЭ лъэпкъым и дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ и цIыхухэр я анэдэлъхубзэмкIэ зэрытхэфым, къызэреджэфым къадэкIуэу, Iэмал имыIэу а бзэмкIэ гупсысэу, сыт хуэдэ Iуэхури зэрихьэфу щытыным. Апхуэдэу щымытмэ, лъэпкъым ешым и щэнхабзи зэригъэпэщын дэнэ къэна, иIэри ихъумэжыфынукъым, зыужьынигъэшхуэ зыгъэтэ нэгъуэщI лъэпкъэмри щапхъэ ятрихьфынукъым.

Зи анэдэлъхубзэм пщIэ хуэзыщI, ар зыдж, зэзыгъащIэ лъэпкъым егъэзащIэ къыпэщылъ къаленхэм я нэхъыщхьэ дыдэр: къыщIэхъуэ щIэблэм анэдэлъхубзэр Iурылъу къеГъэтэдж, ялъ ита нэхъыжьхэм дуней тетыкIэу, гупсысэкIэу, Iуэху зехьэкIэу, цIыху хэтыкIэу яIахэм, ябгъэдэлъа щIэныгъэм, зэрахьа хабзэмрэ щэнхабзэмрэ, яхэлъа лIыгъэм ар щыгъуазэ хуещI. Апхуэдэу екъымэ икIи егъэбыдэ и лъэпкъыр, сыту жыIэпмэ бзэращI лъэпкъым и гущIэм уэрыншэсыф, и гупсысэхэм уазэрыльэIэсыф Iэмэпсымэр. ЩIы хъурейм лъэпкъыу тетыж я тхыдэр, зэрахьэ хабзэхэр, адрейхэм къаэзрыщхьэщыкI я лъэпкъ нэщэнхэр, гупсысэкIэмрэ псэукIэмрэ къозыгъащIэу щыIэри абыхэм я анэдэлъхубзэрщ.

Анэбзэр нэсу къэзымыгъэсэбэп лъэпкъым и къарур хуэмурэ щIокIуэсакIри, ар нэгъуэщI лъэпкъхэм яхошьпсыхьыж. Аращ 1999 гъэм ЮНЕСКО-м анэдэлъхубзэхэр хъумэным хузунэтIа унафэ щхьэхуэ къыщIищтар. Ар траухуаеу щытащ мазаем и 21-м - 1962 гъэм и апхуэдэ махуэм зи анэдэлъхубзэр зыхъумэжыну къэуба цIыху гупышхуэ Бангладешым щызэтраукIуэу щытащ. А махуэр Днейпепо тхыдэм къыхэнащ къарурэ бжыгъэкIэ нэхъыбэ лъэпкъым зи гуащIэр мащIэ, зи хуитыныгъэкIэ дакъуэа лъэпкъыр зыхидзэфынкIэ хъунэ бэлыхьым и щапхъэ фIыщIэу. Апхуэдэ афIэкIа къэбгъэхъу зэрымыхъунум, сыт хуэдэ лъэпкъри и бзэм хуэсакъын зэрыхуэйм я дамыгъащ а махуэр.

2000 гъэ лъандэрэ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэр къэрал куэдым щагъэлъапIэ, лъэпкъэр хъума хъунымкIэ бзэхэм яIэ мыхьэнэшхуэм иджыри зэ псори иригъэгупсысыжу, ди анэдэлъхубзэр мыкIуэдыжьым, абы зиужьын папщIэ, ди къэралымрэ дуней псомрэ щызэкIуэ хабзэхэр ди тегъэщIапIэу, дэтхэнэми ди къалэн дгъэззэщIэным дыкъыхуриджэу. Ди адыгэ лъэпкъым щыщ дэтхэнэми и къалэнщ ди анэдэлъхубзэм и дахагъэр, къабзагъэр, абы и зэфIэкIыр дгъэлъагъэу, абы пщIэ хуэтщIу, тхъумэу, зедгъэужьу дыпсэуну. Бзэращ лъэпкъым и псэр. Лъэпкъыр лъэ быдзкIэ увыныр, абы и тхыдэм, гуаздэжьым, щэнхабзэм зиужьынри, цIыхуэм я зэхэщIыкIым зиужэщIыныр - лъэпкъым и гъащIэр зэлъытар бзэм и къарур аращ. Апхуэдэу зыIурылъ лъэпкъым емылъытауэ бзэ псори мамырыгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ, ди къэралым, щIынальэм я екъулIэныгъэм хуэгъэлэжьапхъэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Мазаем и 21-р Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ

ЕгъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэ



● Пэрытхэр

Пэунэж Залинэ дерсхэр ирегъэкIуэкI.

Анэдэлъхубзэр щIэблэм зэрырагъащIэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэныкIэ, дихьэхыу сабийм и бзэр егъэджыныкIэ, лъэпкъым бгъэдэлъ псэкупсэ къулеягым сабийр ешэлIэныкIэ, и хабзэр, тхыдэр фIэгъэщIэгъэуну зригъэщIэным хуэшэныкIэ щапхъэ нэсу къэплъытэ хъунущ Бахъсэн районым хыхьэ Къубэ-Тэбэ къуажэм дэт курыт школ №21-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Пэунэж (Дол) Залинэ и Iуэху зехьэкIэ пэрытыр. Абы фIыуэ къыгуроIуэ егъэджакIуэу иджырей лъэхъэнэм улажьэныр - ар щIэблэм щIэныгъэ пыухыкIа ябгъэдэлъхьэным и закъуэу зэрыщымытыр. Пэунэжыр йолIалIэ и нэIэм щIэт дэтхэнэ сабийми и псэм дахагъэр къыщыгъэушыным, лъагапIэщIэхэр къащтэфу, щIэныгъэщIэхэр къаугъуеифу ныбжьыщIэр къэгъэтэджыным мыхьэнэшхуэ ирет.

ИСЛЪЭМЕЙ жылэм къыщалъхуащ Залинэ. Курыт школыр абы къыщиуха нэужь, ныбжьыщIэр щIэтIыхьхащ КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым и адыгэ къудамэм, фIыуэ илъагъу, зыщIэхъуэпс Iэщ-щIагъэр зригъэгъуэтыну. 2005 гъэм еджэныр екъулIэныгъэкIэ зэфIигъэкIа нэужь, ар еувэлIащ зыхуэщIэхъуа Iэнатlэм.

Пэунэжыр егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм зэрыпэрыхьэрэ илъэси 10 хъууэ арами, а зэманым кIрибыдэу хуэзфIэкIащ лэжьыгъэм щIэхыу хуэIэижь зэрыхъуар наIуэ кьищIрэ и цIэри фIыкIэ игъэIун. Залинэ и Iуэху зехьэкIэм и лъабжьэр иджырей технологиещIэхэм егъэджэныгъэм къыщыгъэIуах Iэмалыщ1эхэм тещIыхьащ. Абы егуГуу егъэхьэзыр дэтхэнэ дерсри, сабийжм бзэм и хабзэхэмрэ лъэпкъ литературэм и хъугъэфIыгъуэхэмрэ ятеухуауэ щIэ гуэркэр кьызэращIэным, ахэр хэжупсэу, къыдалъхуа я анэбзэм пщIэ хуащIу зэригъэсэным хущIэкIуу. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэ дахэ зыпэрыт лэжьыгъэм хуэIэ хабзэщ зи Iэщ1агъэр гурэ псэкIэ къыхэзыхахэм.

- Зи лэжьыгъэм темызэшэу гу къабзэрэ псэ Iэфкlэ бгъэдэт, еджакIуэ цIыкIухэм фIыпIъагъуныгъэ хуаIэу абыхэм я зэхэщIыкIым сыт щыгъуи зезыгъэужь, щIэныгъэкIи гъэсэныгъэкIи ядэгъашэ егъэджакIуэр дапщэщи щапхъэщ си деж кIэ. Апхуэдэхэуи анэдэлъхубзэр егъэгъэджэ лэжьакIуэ пашэхэу, цIэрыIуэхэу Дыщэкl Мариэ, Мэшыкъуэ Iэсият, Нэхущ Залинэ сымэ, нэгъуэщIхэри, - и лэжьыгъэм топсэлъыхь Пэунэжыр. - Курыт школым сабийм къыщIихын хуейщ, щIэныгъэфIым къыдэкIуэу, цIыхугъэ нэс, лъэпкъ гъэсэныгъэ, Хабзэ екIу, къэбзэщIэн дахэ. Ахэр егъэджэныгъэм хэзухуанэурэ дерсхэр изогъэкIуэкI.

Апхуэдэу Iуэху еплъыкIэр зи гъуазэ Залини абы иригъаджэхэри сыт щыгъуи жыджэру хэтщ школым, районым, республикэм анэдэлъхубзэмкIэ щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм. Нэгъабэ екъулIэныгъэ къыщихьащ адыгэбзэмкIэ раойнпсо зэхьэхьэм. Нэхъ иужьыIуэкIэ хэтащ Мэхъэжкьалэ щекIуэкIа щIыналъэпсо мастер-классым. Абы къыщратащ 2-нэ нагъыщэ зиIэ щIыхь тхыпIыр.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм жыджэру хэтхэми ящыщщ Залинэ. Мыгъэрей апхуэдэ зэпеуэм пашэ щыхъуащ ар икIи Москва яГъэкIуащ Анэдэлъхубзэр езыгъэджэхэм я зэфIэкIыр щагъэлъагъуэ Урысейпсо мастер-классым хэтыну. Залинэ абы хэта къудейкъым, атIэ ялъ увыпIэр къыщихьащ «Бгъэдэль педагогикэ Iэзагъ лъагэм папщIэ» жыхуиIэ унэтIыныгъэм. Пэунэжым къыхуагъэфэщащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ ЩIэныгъэм зегъэужьыныкIэ абы и федеральнэ Iуэхущ1апIэмрэ къабгъэдэкI щIыхь тхыпIыр, нэгъуэщI саугъэт лъапIэхэри тыгъэ кьыхуащIащ.

Зи Iэнатlэм гуроу псэкIэ бгъэдэт бзыльхугъэм унагъуэ дахи иIэщ. Абыр и щхьэгъусэ Арсенрэ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу мэпсэу, бынитI зэдапI, фIым хуауащийуэ.

ЩIэблэм анэдэлъхубзэр егъэджаныным, хэкупсэу гъэсэным псэ хьэлэлу пэрыт егъэджакIуэм екъулIэныгъэщIэхэр иIэну ди гуапэщ.

КЪАРДЭН Маритэ.

● ЩIэблэ

Щоджэн Эммэ и псы къэжэгъуэщ.

МурадыщIэхэр зи куэд пщащэ

Иджырей щIалэгъуалэм я нэхъыбэр къалэм щыпсэуну я гур хуеIэми, Щоджэн Эммэ и псэм нэхъ дыхьэр къуажэрэщ. Ар Налшык къыщалъхуа пэтми, зыщыпсэур Лэскэн куейм хыхьэ Ерокъуэ жылэрщ. Абы фIы дыдэу ельагъу гум къедэхащIэ къуажэ акъужь щабэр, гукIуэр, нэри псэри дзэзыхьэх дыкъэзыуцурейхь щхьэантIагъэ дахэр, апхуэдэуи, узыIэпыэзышэ хьэуа къабзэр.

ЭММЭ 1991 гъэм Налшык къалэм къыщалъхуащ. Иджыри сабий дыдэу ар и унагъуэр щIыгъуу Ерокъуэ къуажэм мэлэпхъуэ. А жылэм дзет, Мэсей Алъэнджэрий и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэр абы фIы дыдэу къиуха нэужь, КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым и адыгэбзэ къудамэм щIоIтIысхьэ. Анэдэлъхубзэр фIыуэ зыльIагъу, ар екIуу зыIурылъ пщащэм еджэныр негъэс, школ лэжьыгъэми и къарум щопль.

